



Vil New York ak patnè li yo ap asire yo chak rezidan New York benefisye èd yo bezwen apre ijans inondasyon eklè a.

Rezidan New York yo kapab ale sou [NYC.gov/ida](https://nyc.gov/ida) oswa rele 311 (212-639-9675 pou yo jwenn Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115) pou yo jwenn plis enfòmasyon.

Sant Sèvis

Sant sèvis yo louvri nan toulè senk (5) minisipalite yo. Yo louvri chak jou. Yo kapab jwenn enfòmasyon sou kote yo lè yo ale sou [NYC.gov/ida](https://nyc.gov/ida) oswa lè yo rele 311. Èd transpò pou ale nan sant yo disponib pou rezidan New York ki pa gen okenn lòt mwayen transpò lè yo rele 311. Sèvis yo ap disponib pou tout vizitè yo. Yo p ap poze vizitè sit yo kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo.

Kounye a, Rezidan New York yo Kapab Jwenn Asistans Lè Gen Katastwòf epi Yo Ka Deklare Dega yo bay Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA)

FEMA ka bay pwopriyetè kay ak lokatè ki afekte yo èd sa a. Aplikasyon yo louvri kounye a. Remak: FEMA p ap double avantaj ou benefisye nan lòt sous yo. Rele nan 1-800-621-3362 (TTY: 1-800-462-7585) oswa ale sou www.disasterassistance.gov. Li disponib si nenpòt moun nan kay la se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan pi ka sitwayen ameriken, oswa yon etranje kalifye.

- *Èd pou lojman:* Yo ka itilize èd pou lojman an pou fè reparasyon kay, elatriye. Rezidan New York yo dwe pwouve yo te sibi dega, enskri, epi fè FEMA fè enspeksyon. Yo ka bay sibvansyon ki rive jiska 36,000 dola.
- *Èd pou lwaye:* Ranbousman pou jiska de (2) mwa frè lwaye/demenajman. Gendwa gen èd pèmanan pou lwaye ki disponib avèk resètifikasyon.
- *Lòt bezwen yo:* Gendwa gen èd finansyè rive jiska 36,000 dola ki disponib pou depans ak bezwen enpòtan asirans pa garanti (pa egzanp, machin, ekipman medikal).

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (Department of Housing Preservation & Development, HPD)

Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York fè yon lis ki gen resous pou pwopriyetè kay tanpèt sa a afekte lè yo ale sou [NYC.gov/hpd](https://nyc.gov/hpd) oswa lè yo rele 311. Yo p ap poze moun ki rele yo kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo.

Ponpaj dlo

Vil la ap ede retire dlo ak ponp nan besment pwopriyetè kay yo si sa nesesè. Rezidan New York yo kapab ale nan yon sant sèvis oswa rele 311 pou yo jwenn plis enfòmasyon. Yo p ap poze moun ki rele yo kesyon sou sitiyasyon imigrasyon yo.

Sispansyon Frè pou Pèmi ak Reparasyon

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous apre tanpèt, ale sou [NYC.gov/ida](https://nyc.gov/ida) oswa rele nan **311** (212-639-9675 pou jwenn Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).

Pwopriyetè kay oswa pwopriyetè ti biznis k ap aplike pou pèmi demolisyon, konstriksyon oswa reparasyon ki gen pou wè ak dega tanpèt la p ap peye frè nan Depatman Building (Department of Buildings, DOB) ni yo p ap peye frè pou retire amyant bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) an. Resous sa yo disponib kounye a piske moun yo fè demann pèmi yo.

Èd Lakwa Wouj Amerikèn (American Red Cross, ARC)

Abri pwovizwa (**otèl) disponib** pou pwopriyetè kay/lokatè yo si yo pa kapab rete nan kay yo. Sejou nan otèl yo disponib pandan jiska de (2) semèn pou pwopriyetè yo, epi twa (3) semèn pou lokatè yo. Lakwa Wouj Amerikèn ka bay jiska 515 dola pou fanmi ki gen kay yo konfime ki detui oswa ki sibi gwo dega akòz inondasyon rès Siklòn Ida a te lakoz. Ka gen lòt sèvis retablisman, tankou referans, kit netwayaj ak sipò emosyonèl, ki gendwa disponib. Yo p ap pe moun ki rele yo kesyon sou sityasyon imigrasyon yo. Rele nan 1-877-733-2767.

Resous pou Imigran ak Rezidan New York ki San Papyè

Si ou gen kesyon sou imigrasyon oswa sou fason pou w jwenn sèvis Vil la, gen èd ki disponib nan lang ou pale a. Rele liy dirèk Biwo Majistra a pou Afè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) nan 212-788-7654 soti lendi rive vandredi, 9è a.m. 5è p.m., ale nan NYC.gov/immigrants oswa voye imèl nan askmoia@cityhall.nyc.gov.

Prè Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA)

Gen prè ak to enterè ki ba pou pwopriyetè kay/pwopriyetè ti biznis ki disponib. Rezidan New York yo ka benefisye jiska 200,000 dola reparasyon kay, jiska 40,000 dola pou ranplase byen pèsònèl, oswa jiska 2 milyon dola pou ti biznis k ap re-amenaje machin, mèb, elatriye. Li disponib si nenpòt moun nan kay la se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ii pa sitwayen ameriken oswa yon etranje kalifye.

Èd pou Biznis

Depatman Sèvis pou Ti Biznis (Small Business Services, SBS) Vil New York kore pwopriyetè biznis yo. Ale sou NYC.gov/sbs oswa rele nan 888-SBS-4NYC (888-727-4692) pou w jwenn plis enfòmasyon. Yo p ap pe moun ki rele yo kesyon sou sityasyon imigrasyon yo.

Asirans prive pou inondasyon

Si ou se lokatè, asirans lokatè ou an ka asire bagay ki nan apatman w lan. Si ou se yon pwopriyetè kay, asire ou kay ou an gen asirans kòm sadwa — dega inondasyon ak van pa garanti nan yon kontra asirans debaz. Rezidan New York ki gen asirans prive pou inondasyon yo ta dwe kontakte konpayi asirans yo a pou ede yo.

Netwaye ak Anpeche Ogmantasyon Mwezi

Ale sou sitwèb Depatman Sante (Department of Health, DOH) a (NYC.gov/health) pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou anpeche mwezi ogmante.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak resous apre tanpèt, ale sou **NYC.gov/ida** oswa rele nan **311** (212-639-9675 pou jwenn Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).